



unesco

Délégation permanente
d'Haïti

KOMINIKÈ POU LAPRÈS

Delegasyon pèmanan Ayiti nan UNESCO aprann ak anpil lapenn lanmò Frankétienne nan dat 20 fevriye 2025, yon figi anblematik nan kilti ayisyen an ak literati mondyal la. Li te fèt 12 avril 1936 nan Ravine-Sèche, nan komin Sen Mak, Ayiti. Frankétienne, ki gen vrè non li Jean-Pierre Basilic Dantor Franck Étienne d'Argent, te yon atis ki te gen anpil talan: pent, powèt, womansye, mizisyen, komedyen, dramatis ak edikatè. Yo rekonèt li kòm youn nan pèsonalite ki pi pwolifik nan literati ayisyen an.

Premye Minis lakilti peyi a anba prezidans Leslie François Manigat nan lane 1988, Gouvènman ayisyen an te nonmen li Anbasadè lakilti an 2016 epi li te Atis pou lapè UNESCO depi 2010. Frankétienne te konsakre lavi li pou pwomosyon kilti ayisyen an ak ansanm valè UNESCO ap defann. Eritaj literè ak atistik li, ki se yon richès eksepsyonèl, ap kontinye make plizyè jenerasyon. Atravè travay li ki varye ak angajman solid li, li te fè idantite ak rezilyans pèp ayisyen an briye sou sèn mondyal la.

Frankétienne kite yon mak ki pa ka efase nan literati ayisyen ak inivèsèl la, sitou ak pi gwo zèv li « Dezaï », premye woman ki ekri an kreyòl ayisyen, ki rete yon aksyon rezistans kiltirèl. Lòt travay li yo, tankou « Mûr à crever », « Ultravocal » ak « Les Métamorphoses de l'oiseau schizophone », temwaye kouraj literè li ak wòl fondatè li nan mouvman espiralis la, ki melanje pwezi, teyat ak woman nan yon dinamik inovatè.

Frankétienne plis pase yon ekriven. Se te yon eklerè, yon pasè memwa ak rèv. Angajman li pou prezèvasyon divèsite kiltirèl ak transmisyon konsepsyon te touche tout moun ki te gen privilèj konnen li. Eritaj li ap kontinye enspire ak pote byen wo valè lapè ak kilti ki chè pou UNESCO.

Nan moman lapenn sa a, Delegasyon pèmanan Ayiti nan UNESCO ap eksprime tristès li epi voye kondoleyans li bay fanmi Frankétienne, pwòch li yo ak tout moun jeni kreyatif li te touche. Se pou travay li toujou rete yon sous limyè ak lespwa!



Fèt nan Pari, 21 fevriye 2025

Delegasyon pèmanan Ayiti nan UNESCO